# Сватовство.

1

**Пьесаялда гIахьаллъи гьабула: КIодоэбел - Курамагомедова З.**

**Чоля (внучка) – Нажмудинова Р.**

**БацIилав (жених) – Малаев М.**

**ИмгIал (дядя жениха) – Магомедов А.**

**Инус (отец жениха) – Абдулмуминов Л.**

**Нупайсат (мама жениха) – Нажмудинова Л.**

**ТIоцебесеб пардав.**

***КечIги ахIулаго азбар лъухьулей кIодоэбел.***

**КУР.** Рокьи кколезулги кколебги гIадат,

Щоларел щиналги рокьулеб гIадат,

Рокьуларел щинал щолебги гIадат,

Щоларезухъ рокьи кколебги гIадат,

Щоларезухъ рокьи кколебги гIадат – Вай



Scanned by TapScanner

***ТIаде вачIун щола БацIилав.***



**МАЛ.** Вай, ЙорчIами кIудияй, щиб гьабулей йигей?

**КУР.** ВорчIами, щиб гьабулей йихьулайищ гьечIей, азбар лъухьула йиго. Мун щив кколев дир вас?

**МАЛ.** Дун вуго БацIилав.

**КУР.** Щиб бацIцIулев?

**МАЛ.** БацIцIулев гуроха, Инусил вас БацIилав вуго.

**КУР.** Инусил вас БацIилавищ дарман гIодов вукIа вачIая, гIодов вукIа. Киса щварав? Кив вукIарав эбел – эмен ругел?

**МАЛ.** ЦIакъ сах – саламатго руго, лъикI руго. Дурго щиб буго давление букIулищ?

**КУР.** Давлениеги эбелалъулго букIараб киб лъун бугебцин лъаларо. Лъималаз толеб гьечIо бохдулги канлъиги гьечIо цо нормально. Щибха буго бехе хабар кин бугеб?

**МАЛ.** ЛъикI буго. Гьанже армиялдасаги вуссун цо нормальный яс ячизе бокьун гьаб росулъ жаниб выбор гьечIого вуха.

**КУР.** Выбораздайищ вугев? Депутатлъун вахъулев ватула?

**МАЛ.** Выборазда гуро, цо нормальный яс ячизе къваригIун буго. ВАХI.

**КУР.** Вай лъади ячизе, вай дарман нормальный яс ятуларогойищ гьаб росулъ.

Аллагьасго рехун вачIана. Дир йиго гури внучка, месед бакъ гIадай мохмох.

**МАЛ.** ГIумруялъ росулъ букIинчIеб жо гьелъухъ бугила. Гьа кийха гьей йигей, ячеха гьание йихьизе. ВАГЬ.

**КУР.** Меседил горо, дица гIезаюрай жо йиго. ВАЙ ханасул вас вачIананиги кьоларей дица.

***(Приходит внучка.)*** Месед ячIа бабалил ячIа, гьание ячIа я. Гьай дарман, дир мохмох горгоч. Вай гьалеха гьале.

**НАЖ**. Месед гуроха кIодоэбел дун Чоля йиго.

**КУР.** Кинай Чоля йикIуней дица гIезеги гьаюн гIабдал. ГIунги йигелъул росасе ине кола гIабдал.

**НАЖ.** Дида лъалев васги гуроха кIодоэбел дов инаро дун досие.

**КУР.** Инароя, инароя ***(палкой бьёт).***

**НАЖ.** Ина кIодоэбел.

**КУР.** Ина ахIун кечIгун, кечI ахIе.

Гьале, гьале дир горгоч, гьале дир мохмох, дир кокон. Гьалеха бакъ.

**МАЛ.** Вала йигоха.

**КУР.** ГьабсагIаталъ лъай – хъвай гьабе дун ячIина.

***Мелодия.***

**МАЛ.** Гьа, рачIаха лъай – хъвай гьабизе. Дида цIар буго БацIук 600 мерседес. А дуда?



**НАЖ.** Ой, тупой а я Чоля.

**МАЛ.** Щиб жойилая, Чуйилая дун щивха дуй гІалайищ вугев. Чу йигила жий.

***(Гьебзаманалда жание ячІуна кІодоэбел)***

**КУР.** Вай бихьея, бихьея цо рас къунцІизе бихьея.

**МАЛ.** ГьебгІаги щай?

**КУР.** ГІадат буго гьелъул каранда бекьизе.

**МАЛ.** Расада бугила.

**КУР.** РекІее гІурайищ?

**МАЛ.** Вала гІуна.

**КУР.** Гьелеха лъикІ буго.

**Лезгинка** *(Лъабалго кьурдула).*

Scanned by TapScanner

## КIиабилеб пардав.

*( КIодоэбелги внучкаги гьениса нахъе уна, тIаде вачIуна имгIал).*

**МАГ.** Рокьи буго кьал буго,

Кьолей йиго росасе,

Росдадаго цIар арав,

ЦIогьорасул васасе.

**МАЛ.** Асалам гIалайкум имгIал щиб хIал бугеб?

**МАГ.** ВагIалайкум салам щиб цо рази вугури жакъа.

**МАЛ.** Валлагь цо кичI битIун танаха, цо йигоха цо Чоля цоги цо бакьуч.

**МАГ.** Щиб жойилая, ле цо бичIчIулеб мацIалъ абе кинаб чутIайилая.

**МАЛ.** Цо нормальный яс йиго кIодол доя ячизе бокьун.

**МАГ.** Я дица гурищ гьей ккун йикIарай. Гьаб дурундукь дица гьелъие гуреб лъие ахIулеб букIараб?

**МАЛ.** Дуе гьей щибизе цо проблема гьабичIого дие уступить гьае, давай договоримся ВАГЪ.



**МАГ.** ЧIобого щибго букIунаро давай гIарац.

**МАЛ.** Хорошо гьале гьаб жо, дур договорги лъала дургун къотIи гьабизе гьечIо дица, гьале гьаб бугеб жоги босе хадуб кьела процентами.

**МАГ.** ТIокIаб гьечIищ духъ. (*чвантинив балагьула)*

**МАЛ.** ГьечIо. Валлагь гьечIо.

**МАГ.** Хорошо, мун гьитIинавги вугелъул договоримся.

**Вместе.** Рокьи буго кьал буго,

Кьолей йиго росасе,

Росдадаго цIар арав,

ЦIогьорасул васасе. ***( КечIги ахIун нахъе уна)***

**Лъабабилеб пардав.**

**РачIуна БацIиласул эбел – эмен чемоданги босун, жиндирго хьухьулеб жоялда йикIуна кIодоэбелги.**



**АБД.** Гъов нилъер вас норкаман вугеблъи лъани никогда яс кьоларо гъоз нилъее.

**ЛАЮЗА.** Я, норкаман я, норкаман гуро, гьес сунтI гьабула.

**АБД.** ЮцIцIухIун чIа, кинаб сунтI?

**ЛАЮЗА.** ГIурччинаб сунтI.

**АБД.** Дица рагIи абичIого цо рагIи абизе гьечIо дуца дуда бичIчIани.

**ЛАЮЗА.** Инус кету те дун, итак дуца гьаб квер бекун я гьадин, я гьадин гьабизе кIолеб гьечIо.

**АБД.** Цоябги бекула дица дур юцIцIухIун йикIа… Рилълъа.

**ЛАЮЗА.** ЙорчIами кIудияй щиб хIал буго?

**КУР.** РорчIами, рорчIами рачIаралищ дарманал.

**ЛАЮЗА.** Вай кин йиго щиб хIалалда йиго.

**КУР.** ЛъикI руго гIодор рукIа дарманал. БацIиласул эбел – эмен ратула.

**ЛАЮЗА.** Ругоха руго.

**КУР**.Щибха бехе хабар бице.

**АБД.** ГьечIоха батIияб хабарги кIудияй.

**ЛАЮЗА.** Щиб хIалалда йиго гIачи – бачал кин руго.

**КУР.** ЛъикI руго хуриса гьабсагIат ячIун йикIана.

**АБД.** ГIемераб хабарги щай нилъее зодоса цIва зодоса моцI босулев вас вуго нижер.

**ЛАЮЗА.** ЩIакъго стильный модный крутой жо вуго нижер вас.

**КУР**. Ерунда, ерунда буго ерунда буго, анкьгояв вачIун вукIана гьорохъ риччан тана бищун хадусев вачIаравги слабак вукIун вуго. Ханасул вас вачIананиги кьоларей жо йиго дир цо гьанже.

**ЛАЮЗА.** АллагьасхIаги абе. Гьанже йихьизе ячеха месед гIадай внучка. Гьанже балагьилаха простой жо ятула.



**КУР.** Машааллагь, машааллагь.

**ЛАЮЗА.** Гьале разрезал ***(юбка)*** гьанже бахчараб жоялъул мода гьечIо баккаралъул гурони къимат гьечIо кIудияй. Гьаб гурдеги буго Инус ракIалда бугищ дуцаго дие бачIун букIараб. Гьал хьиталги руго ***(хьитал хъахIал)*** кIудияй, бацIцIадаб кожаги хъурун гьарурал. Гьал руго Бакуялде унаго нухда учузгоги ратун дицаго росарал ***(чIегIерал хьитал)***.

**ЛАЮЗА.** ВАЙ, Инус, махал махал.

**КУР.** Махал гьечIила.

**АБД.** Кинал махал, маххулъ къайги мун. Маххулищ дур вас вугев пахьул вуго. РагIи босизегIан чIа гIабдал.

**КУР.** Берцинаб къай буго машааллагь, гьаб росулъ лъилниги гьечIеб къай буго.

**ЛАЮЗА.** Гьаб росулъ лъилниги букIун батиларо гьадинаб къай букIарабищ.

**КУР.** Эбел – эменги хун хутIарай дица гIезаюрай жо йигелъул гьей, гьай ясалъе талихI бокьун буго.

**ЛАЮЗА.** Нормальный жо йигищ.

**КУР.** ВА, йихьанани. Киб бугеб дир тIил, тIил кибе араб? Яхъине кIоларого йикIуна. Месед – ячIа бабал гьалбал рачIун руго БацIиласул эбел – эмен, ячIа месед. ***( ячIуна внучка)*** Гьале гьалеха.

**ЛАЮЗА.** ВАЙ Инус бакъ бачIулеб буго гури рокъобе ***( гIодой чIезаюла внучка)*** Инус вай дир дарман.

**КУР.** Дица гIезаюрай жо йиго дица гIезаюрай.

**АБД.** Гьанже ворея, Нупайсат, нилъерго подаркабиги чемоданги бахъе цебе бихьея цо.

**ЛАЮЗА.** Бисмиллагьи ррахIмани ррахIим ***( чемоданалъуса къайи къватIибе бахъула).*** Дунго рикIкIадеги ун Бакуялдаса дицаго росана киналго жал.

Ма гьаб шал дуе. ***(кIудияб кIаз кьола кIодое)***

**КУР.** Баркала, баркала.

**ЛАЮЗА.** Гьаб шал буго азарго долларги кьун босараб. Баракат бугей хIурмат бугей, рокъоб бугей къватIибе кьоларей, къватIиб бугеб рокъоб бачIуней ятаги я АЛЛАГЬ.***( внучкаялда шал чIвала)***

**КУР.** Гьединаб жоялъе цIодорай йиго.

**ЛАЮЗА.** Гьале кIудияй гьаб буго ганг – конг ***(гурде)***, гьале кинг – конг ( **халат**). Гьабги буго ***( шляпа)*** Франциялдаса Инусица диего бачIараб концерталде араб мехалъ гьадинан лъола гьабги ***(жиндаго лъола)***.

**КУР.** Нупайсат, гIенеккея гIенекке, Инус, ригьнада гьоркьоб мацI букIуна хабар букIуна гIемер халалъизе гьабичIого хехлъи гьабун бертин гьаб анкьалъго гьабунани лъикI букIина.

**АБД.** Нилъеца гьаб анкьалъго гьеб иш тIубазабизе кола бичас – биччани.

**КУР.** РачIаха кьурдизе. **(Лезгинка)**



Scanned by TapScanner